



## TIT PWOGRAM NAN: Pwogram Asistans Finansyè

Depatman Responsab la: Asistans Finansyè pou Pasyan

Dat yo Kreye li: 14 fevriye 2014

**MOUN KI SOUMÈT LI (OTÈ A) SE:** Shelli Luckey, Manajè Asistans Finansyè Pasyan, Pamela Abbott, Direktris Asistans Finansyè Pasyan

**MOUN KI APWOUVE LI SE: Keith Nilsson**

Tit li se: Vis Prezidan Finansman Rejyon Nò, Vis Prezidan Sik Revni

Dat Revizyon an:

Dat Revizyon an:

PIBLIYE (Yo rann li piblik):

---

### REZIME & OBJEKTIF:

Yo tabli pwogram sa a pou yo ka bay direktiv operasyonèl pou Bethesda Hospital, Inc ("BHI"), antanke yon filyal Baptist Health South Florida, Inc. ("BHSF"), pou l ka idantifye pasyan ki pa gen asirans e ki bezwen asistans finansyè, e pou l trete aplikasyon pasyan yo pou asistans finansyè. Metsouli, rezon ki fè yo kreye pwogram sa a, se pou esplike nan ki sikonstans BHI ap bay pasyan ki pa ka peye pou sèvis yo, asistans finansyè; e pou esplike kijan BHI kalkile montan yo chaje pasyan ki elijib pou resevwa asistans finansyè. Se pwogram sa a ke yo aplike nan Bethesda Hospital East ak Bethesda Hospital West ("Lopital yo").

### PWOGRAM la:

Antanke òganizasyon ki bay swen e ki egzante pou taks, BHI chèche konnen kijan li ka satisfè bezwen pasyan ki nan kominote a, e kijan li ka satisfè bezwen lòt moun kap chèche swen medikal kèlkeswa kapasite finansyè yo pou yo peye pou sèvis yo resevwa. Anplis, yo idantifye BHI antanke òganizasyon charitab (sètadi li egzante pou taks) selon seksyon 501(c)(3) nan Kòd 1986 Internal Revenue (Sèvis Revni Entèn), jan yo te amande li ("Kòd la"). Konfòmman ak seksyon 501(r) nan Kòd la, si pou BHI rete yon òganizasyon ki egzante pou taks, li oblije (pami lòt bagay) adopte ak difize toupatou ke li gen yon pwogram asistans finansyè.

Pou BIH ka fè pwomosyon sante ak byennèt kominote li desèvi a, moun ki pa gen asirans, ki pa gen anpil resous finansyè e ki pa ka jwenn pwogram sosyal yo, fèt pou yo elijib pou resevwa sèvis swen sante gratis dapre sèten kritè ki etabli. Pratikman kritè elijibilite yo ap baze sou Direktiv Federal sou Povrete (Federal Poverty Guidelines) epi yap mete yo ajou chak ane anmenm tan ke Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini (United States Department of Health and Human Services) pibliye mizajou yo. Yo ka revize kritè elijibilite yo onivo asandan oswa desandan lè li nesèsè pou yo fè sa. Objektif kritè elijibilite a konfòmman ak pwogram sa a se pou yo bay resous asistans finansyè selon kapasite yon pasyan genyen pou l peye.

Yo ka refize bay yon pasyan asistans finansyè si pasyan an elijib pou l resevwa lòt resous ki ka kouvri l tankou Medicaid oswa yon plan Echanj Asirans Sante ke yo sibvansyone (subsidized Health Insurance Exchange plan) epi pasyan an pa vle aplike pou resous sa yo.

Pwogram sa a aplike pou montan frè yo chaje pasyan an pou sèvis ke asirans sante oswa ke nenpòt lòt sous ki sipoze peye (tankou asirans tyès pati, asirans oto, asirans konpansasyon travayè, etc.) pa kouvri. Si yo detèmine ke pasyan an gen kapasite pou l peye tout oswa yon pati nan fakti a, detèminasyon an pap

anpeche ke yo fè yon re-evalyasyon pou konnen si moun nan gen kapasite pou l peye nan yon lòt dat ann apre. Men ki lè gen nesese pou yo re-evalye asistans finansyè:

1. Achak fwa yap bay sèvis alavni
2. Lè gen chanjman nan revni
3. Lè kantite moun nan fanmi a chanje

Pwogram sa a pa aplike pou sèvis yo bay nan Express Care, Care on Demand, nan nenpòt pratik konsyèj nan Baptist Health Medical Group oswa nan nenpòt etablisman oswa klinik doktè nan Baptist Health South Florida. Baptist Health South Florida bay asistans finansyè selon yon lòt pwogram separe. Anplis, pwogram sa a pa aplike pou chiriji kosmetik ni pou lòt pwosedi elektif ki pa medikalman nesese pou dyagnostik oswa tretman maladi oswa blesi ki emèjan an. Pwogram sa a aplikab pou montan frè yo chaje nan etablisman Bethesda Hospital Inc. sèlman e pou montan ke doktè ki se anplwaye Baptist Health Medical Group North chaje. Pwogram sa a pa aplike pou montan doktè prive chaje, ni li pa aplike pou peye lòt fakti konpayi endepan chaje.

Pou pasyan sa yo ki pa gen asirans, BHI pral travay ak pasyan sa yo pou l ede yo jwenn yon pwogram asistans finansyè ki ka kouvri swa tout oswa yon pati nan fakti lopital ki poko akite. Pou pasyan sa yo ki gen asirans prive, fòk Lopital yo travay atravè pasyan an e atravè konpayi asirans pasyan an pou l ka konnen kisa kontra asirans pasyan an ap kouvri. Puiske byen souvan BHI pa ka jwenn enfòmasyon sa a tousuit nan men moun ki gen asirans la, se responsablite pasyan an pou li bay enfòmasyon siplemantè konsènan ki kalite sèvis asirans li kouvri anvan li resevwa sèvis ki pa nan nivo ka dijans ak sèvis swen ki pa ijan. Konsènan fason yap faktire pasyan ki pa gen asirans yo, tanpri ale gade nan seksyon Faktirasyon ak Koleksyon (Billing and Collections) ki pi ba a.

BHI pral bay pasyan ki pa gen asirans, asistans finansyè pou swen dijans oswa pou lòt swen (ki pa elektif) ki nesese sou plan medikal, pouvike pasyan sa yo kalifye konfòmman ak direktiv ki gen nan pwogram sa a. Pou ke BHI konsidere bay pasyan an asistans finansyè, fòk pasyan an kopere pou l bay enfòmasyon ak dokimantasyon ki nesese pou l aplike pou lòt resous finansyè ki egziste e ki ka disponib pou peye pou swen sante li, tankou Medicaid, Disability, oswa Healthcare District. Gen asistans finansyè kap disponib men se sèlman si pasyan an pa kalifye pou l resevwa lòt sous finansman, epitou se si yo satisfè kritè yo jan yo dekri l nan pwogram sa a. Se pasyan an ak/oswa garan finansyè a kap gen responsablite pou l konplete fòmilè aplikasyon ki obligatwa a, e pou yo kopere kòm sadwa lè yap bay enfòmasyon yo e lè yap fè pwosesis evalyasyon an, defason pou yo detèmine elijibilite pou resevwa asistans finansyè. BHI gen konseye finansyè ki disponib pou ede pasyan yo konplete aplikasyon an.

Si gen nesese pou ke nenpòt pasyan resevwa tretman medikal ijan oswa ki emèjan, yap baze yo sou jijman klinik founisè swen sante a konfòmman ak estanda pratik la san yo pa teni kont de estati finansyè pasyan an. Metsouli, Lopital yo suiv egzijans ke Lwa Tretman Medikal Dijans ak Lwa Travay Aktif federal la (Emergency Medical Treatment and Active Labor Act, EMTALA) egzije, kidonk yo pral fè egzamen depistaj medikal pou konnen si gen yon pwoblèm medikal dijans ki egziste. Yap trete tout pasyan avèk respè, jantiyès, defason ekita e ak politès nan atitid, mannyè ak entonasyon vwa, kit pasyan yo ka peye, kit yo pa ka peye.

Resous yo limite e li nesese pou yo tabli limit ak direktiv. Yo pa kreye bagay sa yo pou dekouraje oswa pou voye moun kap chèche tretman ale. Rezon ki fè yo kreye bagay sa yo se resous BHI ka pèmèt li konsakre pou pasyan l yo foki sou pasyan ki bezwen sa pi plis e se yo ki pa ka peye, olye pou l foki sou pasyan ki chwazi pou yo pa peye.

#### **ANGAJMAN POU BAY SWEN MEDIKAL DIJANS:**

BHI bay moun swen medikal nan ka dijans medikal, san li pa fè diskriminasyon, kit yo elijib, kit yo pa elijib pou asistans selon pwogram asirans sa a. BHI pap pran okenn aksyon ki ka dekouraje moun vin pran swen medikal dijans, tankou li pap mande pasyan ki vin nan depatman dijans la pou yo peye anvan yo resevwa tretman pou pwoblèm medikal dijans oswa li pap pèmèt okenn aktivite koleksyon dèt kap entèfere ak dispozisyon an pou swen medikal dijans, san diskriminasyon. Yo bay tout pasyan sèvis medikal dijans,

ikonpri transfè dijans, konfòmeman ak EMTALA, nan yon fason ki pa diskrimine, konfòmeman ak chak pwogram EMTALA lopital la.

Enfòmasyon suivan yo se nivo asistans finansyèl selon pwogram sa a:

Deziyasyon	Responsab administrasyon an	Direktiv elijibilite yo <sup>1</sup> (dapre nivo federal sou povrete [FPL])	Rabè aplikab yo retire sou chaj brit yo
Kalifye onivo leta oswa onivo federal <sup>2</sup>	Vis Prezidan Finansman Rejyon Nò	Revni famiyal ki a 200% Nivo Povrete Federal la (FPL) oswa ki mwens	100%
Asistans finansyèl pou bezwen espesyal	Vis Prezidan Finansman Rejyon Nò	Revni famiyal ki 200 a 300% Nivo Povrete Federal la	100%

<sup>1</sup> Nivo povrete federal yo se kritè elijibilite debaz pou pwogram sa a. Gade Pyès Jwent 1 pou wè Direktiv sou Nivo Povrete Federal yo. Yo ka konsidere lòt enfòmasyon finansyèl tankou byen moun posede ak frè lopital yo.

<sup>2</sup> Yo kapab klase kont ki kalifye nan nivo sa a antanke "kont ki kalifye onivo leta oswa federal" poutèt dat egzeyat pasyan an tonbe nan menm ane fiskal la oswa ki tonbe de(2) ane fiskal anvan annilasyon dèt la. Si dat egzeyat la tonbe anvan peryòd sa a, yo pral klase asistans finansyèl a antanke "asistans finansyèl bezwen espesyal."

Nenpòt pasyan ki kalifye pou kouvèti asirans nan Palm Beach County Health Care District (PBCHCD), pasyan sa a satisfè kondisyon kalifikasyon pou asistans finansyèl konfòmeman ak pwogram sa a poutèt direktiv yo tabli nan PBCHCD ki yo menm suiv Direktiv Federal sou Povrete a 200%. Patikilyèman asistans finansyèl konplè (kidonk 100% rabè sou montan brit yo chaje a) fèt pou l disponib pou pasyan ki pa gen asirans e ki gen revni ki pi ba ke Direktiv Federal sou Povrete a 200% (gade Pyès Jwent 1).

#### **SÈVIS KI ELIJIB NAN PWOGRAM SA A:**

Pwogram asirans sa a aplike pou tout swen dijans oswa pou lòt swen medikal ki nesèsè (swen ki pa elektif) ke yo bay nan Lopital yo. Gade Pyès Jwent 2, Lis Founisè Swen Medikal, pou ka jwenn lis founisè swen medikal yo, apade BHI limenm, ki bay swen medikal dijans oswa lòt swen medikal ki nesèsè (swen ki pa elektif) nan Lopital yo ki presize ki founisè swen medikal ki kouvri nan pwogram sa a ak kilès nan yo li pa kouvri.

#### **MEN BAZ YO UTILIZE POU KALKILE MONTAN YO CHAJE PASYAN YO:**

Règleman ak lwa federal yo entèdi lopital byenfezans pou yo chaje pasyan ki elijib pou resevwa asistans finansyèl plis lajan pou swen medikal dijans oswa pou lòt swen medikal ki nesèsè (swen ki pa elektif) pase Montan yo Faktire Anjeneral (Amount Generally Billed, "AGB") moun ki gen asirans ki kouvri swen sa yo.

Lè yo fin pran yon desizyon sou elijibilite nan pwogram sa a, yo pap chaje yon pasyan ki elijib pou asistans finansyèl plis lajan pou swen dijans oswa pou lòt swen medikal ki nesèsè pase montan yo faktire anjeneral (AGB). BHI itilize Metòd Medicare Pwospektif (Prospective Medicare Method) pou li kalkile montan yo faktire anjeneral (AGB). Selon metòd sa a, men kijan yo kalkile montan yo chaje anjeneral la: Yo itilize sistèm tretman faktirasyon ak kodaj ke BHI ta itilize si moun ki elijib pou asistans finansyèl a te yon benefisyè nan pwogram frè-pou-sèvis Medicare (Medicare fee-for-service) epi li fikse montan yo chaje anjeneral la (AGB) pou swen medikal nan montan BHI ta deside ki ta montan total Medicare la otorize pou swen medikal la (ikonpri toulede montan Medicare ta ranbouse yo, ni montan benefisyèl a tap responsab pou l peye pèsònèlman sou fòm kopeman, ko-asirans ak dediktib).

BHI pa voye fakti ni li pa atann li nonplis aske moun ki kalifye pou asistans finansyè selon pwogram sa a peye montan brit la oswa frè total la.

BHI pral fè tout sa li kapab pou l konnen si yon pasyan elijib oswa si l pa elijib pou asistans finansyè anvan menm li angaje aksyon koleksyon ekstraòdinè yo (gade pwosedi 6 ki anba a).

Pou pasyan ki pa kalifye pou asistans finansyè selon pwogram sa a, BHI ofri yon rabè pou pasyan ki elijib kap peye pou tèt yo. **Gade Pwogram BHI 1039 sou Pri Sèvis To Fiks ak Moun Kap Peye Pou Tèt yo.**

#### **KONTÈKS/APLIKASYON:**

Pwogram sa a aplike pou Bethesda Hospital, Inc., pou Bethesda Hospital East ak Bethesda Hospital West.

#### **PWOSEDI POU ASIRE KONFÒMITE:**

1. Definisyon:

- a. **AGB (montan yo chaje anjeneral):** Se montan yo chaje moun anjeneral ki gen asirans medikal pou swen dijans oswa pou swen medikal ki nesèsè.
- b. **Peryòd Aplikasyon:** Se peryòd BHI genyen kote li oblije aksepte ak travay sou yon aplikasyon pou asistans finansyè konfòmman ak Pwogram Asistans Finansyè yon moun soumèt defason pou BHI montre li fè kont efò rezonab pou li detèmine si moun nan elijib pou l resevwa asistans finansyè nan kontra asirans sa a. Peryòd Aplikasyon an kòmanse nan dat moun nan resevwa swen an epi li fini swa nan 240yèm jou apre yo bay premye bòdwo pou swen apre egzeyat oswa li fini omwen 30 jou apre BHI bay moun nan yon avi alekri ki fikse yon dat limit e apre dat sa a, yo ka antame aksyon koleksyon ekstraòdinè, toudepann de sa ki fèt ann apre.
- c. **Byen moun nan posede:** Pami byen moun nan posede, nap site lajan kach ki disponib imedyatman ak envestisman tankou kont depay ak kont kouran, ansanm ak lòt envestisman, ikonpri fon retrèt oswa IRA, valè asirans vi, kont fidisi (trust), etc. Pami byen yo nap site tou kapital nan yon kay rezidans primè ak lòt kapital imobilye.
- d. **Revni Disponib:** Se revni familyal anyèl la ke yo divize nan 12 mwa, mwens depans masyèl yo, jan yo mande l sou aplikasyon an.
- e. **Pasyan ki bezwen swen emèjan ak pasyan ki bezwen swen ijan:** Se pasyan ki prezante nan yon departman sèvis dijans nan yon lopital BHI e ki resevwa tretman (ikonpri pasyan ki entèn ak pasyan ki ann obsèvasyon ke yo admèt atravè departman ijans la) oswa sant ki bay swen ijan ak pasyan ki entèn kap tann egzeyat e ki bezwen sèvis suivi medikal pou pasyan ki pa entèn.
- f. **EMTALA:** Lwa sou Tretman Medikal Dijans ak Travay 42 USC 1935dd.
- g. **Aksyon Kolesyon Ekstraòdinè:** Nenpòt aksyon yon etablisman lopital pran kont yon moun pou li kolekte peman pou yon fakti ki deja kouvri nan pwogram asistans finansyè lopital yo genyen ki mande pou yo fè pwosedi legal oswa jidisyè ikonpri bagay suivan yo men se pa tout nou site: Mete yon gaj sou byen yon moun posede, sezi yon byen reyèl yon moun posede, atachman oswa sezi kont yon moun gen labank oswa sezi lòt byen pèsonèl li genyen, antame yon aksyon sivil kont yon moun, sezi salè li, rapòte enfòmasyon ki pa favorab sou moun bay ajans ki rapòte kredi konsomatè ak vann dèt moun nan genyen bay yon lòt pati.
- h. **Fanmi:** Pasyan an, madanm/mari li (ikonpri yon mari/madanm ki nan inyon lib) ak depandan legal li yo selon règ Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service). Kidonk, si pasyan an deklare yon moun kòm depandan sou inkòm taks li, yo ka konsidere moun sa a antanke depandan pou yon èd finansyè.
- i. **Revni Familyal:** Revni brit, salè, dividand, enterè, benefis Sekirite Sosyal, asirans konpansasyon travayè, benefis veteran, alokasyon pou fòmasyon pwofesyonèl, alokasyon pou militè, sipò regilye manm fanmi ki pa viv nan kay la bay, pansyon gouvènmantral, pansyon prive, peman asirans ak rant, revni lwaye, dwa d'otè, siksesyon ak fidisi (trusts).

- j. **Asistans Finansyè:** Sèvis swen sante ke yo pat janm atann ke li tap rapòte yon woulman lajan likid. Asistans finansyè yo bay moun ki resevwa sèvis swen sante gratis oswa yo bay moun nan yon rabè poutèt li satisfè kritè yo tabli yo.
  - k. **Moun ki Medikalman Endijan:** Yon pasyan ki gen yon fakti medikal oswa yon fakti lopital ki depase yon pousantaj espesifye nan revni brit anyèl moun nan ke yo detèmine konfòmman ak sistèm elijibilite antite swen sante a; epi moun sa a, sou plan finansye, pa kapab peye rès fakti a. Yo klase pasyan ki akimile depans medikal katastwofik sa a antanke moun ki medikalman endijan paske si pou li ta peye montan an, fòk li ta likide tout byen kritik li posede pou l viv oswa montan fakti a tap mete li nan yon sityasyon difikilte finansyè ireparab nan sistèm sipò fanmi li.
  - l. **Nesesite Medikal:** Leplisouvan, se Medicare kap defini "nesesite medikal" (sèvis oswa objè ki rezonab e ki nesèsè pou dyagnostik oswa pou tretman maladi oswa pou blesi). Lòt sèvis ke yo pa konsidere kòm nesesisite medikal konfòmman ak direktiv Medicare, BHI pral pran yo an konsiderasyon sou yon baz ka-pa-ka etan lap konsilte lidèchip doktè BHI yo.
  - m. **Moun ki pa gen asirans:** Yon pasyan ki pa gen asirans sante oswa ki pa gen okenn lòt sous ki pou peye pou li (tankoun tyès pati, asirans oto, asirans konpansasyon travayè, etc.) pou kouvri swen medikal li mande oswa ke yo ba li. Metsouli, balans frè ki rete apre asirans la fin peye poutèt benefis yo fin epuize oswa poutèt yo atenn limit kouvèti asirans la an dola (tankou benefis pasyan \$100/jou), se montan yo chaje ke asirans la pa kouvri. Asistans finansyè pou pasyan elektif avèk benefis ki epuize oswa limit kouvèti asirans la egzije otorizasyon jan yo dekri l nan seksyon Pwosedi Apwobasyon pou Asistans Finansyè ki anba a. Deziyasyon kòm "moun ki pa gen asirans la" pa aplike pou obligasyon pou depans ki fèt ak lajan ki soti nan pòch pasyan an pou ko-peman, dediktib oswa ko-asirans.
2. Direktiv Asistans Finansyè:
- a. Moun ki pral egzamine kont pasyan ki endijan onivo medikal yo se Manajè Asistans Finansyè Pasyan an ak/oswa Sipèvizè Asistans Finansyè Pasyan an oswa moun yo deziyen pou sa
  - b. Yap konsidere aplikasyon asistans finansyè yo kouran pandan sis mwa oswa jiskaske yo detèmine gen yon chanjman nan kondisyon finansyè pasyan an.
3. Kominikasyon Pwogram:
- a. Pwogram sa a, aplikasyon ki konsène asistans finansyè a ak enstriksyon pou aplikasyon an ak yon rezime sou pwogram sa a nan yon langaj ki fasil pou konprann, yo dwe disponib selon kondisyon suivan yo:
    - Lè yon moun mande yo, yap voye yon kopi sou papye pa lapòs pou li gratis
    - Nan sit entènèt Baptist Health ([www.baptisthealth.net](http://www.baptisthealth.net))
    - Nan sal dijans ak depatman admisyon chak lopital epi nan chak sant ki bay swen dijans ki fonksyone sou lisans yon lopital
  - b. Rezime sou kontra sa a nan yon langaj ki fasil pou konprann dwe adrese pwen suivan yo:
    - Yon brèf apèsi sou pwogram asistans finansyè a ak kondisyon egzijib pou elijib
    - Kijan yon moun ka aplike pou asistans finansyè e kijan pou l jwenn plis enfòmasyon ak yon kopi aplikasyon an
    - Adrès sitwèb dirèk la ak adrès fizik la kote yon moun ka jwenn kopi Pwogram Asistans Finansyè a ak fòmilè aplikasyon an
    - Enstriksyon ki esplike kijan moun nan ka jwenn yon kopi Pwogram Asistans Finansyè a ak fòmilè aplikasyon an pa imèl
    - Enfòmasyon pou kontakte resous lopital yo ki ka reponn kesyon ki konsène pwogram asistans finansyè a ak aplikasyon an
    - Yon avi ki fè konnen ke yo tradui nan lòt lang pwogram asistans finansyè a, aplikasyon an ak rezime sou pwogram sa a nan yon langaj ki fasil pou konprann

Fòk yo voye tout referans sou Pwogram yo bay BHSF Master Copy nan BHSF Intranet; piga konte sou lòt vèsyon / lòt kopi Pwogram la.

- Yon deklarasyon ki fè konnen ke yo pap chaje okenn moun ki kalifye pou asistans finansyè plis lajan pou swen dijans oswa pou swen medikal ki nesèsè pase montan yo konn abitye chaje moun ki gen asirans sante.
- c. Fòk yo mete afich ki gen enfòmasyon debaz sou pwogram asistans finansyè lopital la nan zòn kote biwo anrejistreman lopital la ye ak zòn kote depatman dijans yo ye.
  - d. BHI pral idantifye ajans piblik lokal yo ak ògànizasyon ki pa travay pou pwofi ki adrese bezwen sante popilasyon ki gen ti revni nan kominote a epi li pral bay ògànizasyon sa yo enfòmasyon debaz sou pwogram asistans finansyè a.
  - e. Tout relve fakti ke yo voye bay pasyan ki pa gen asirans, ikonpri relve fakti ajans koleksyon tyès pati voye, yap mete ladan yo yon avi alekri ki vizib sou asistans finansyè kap fè destinatè ki resevwa l konnen gen asistans finansyè ki disponib konfòmman ak pwogram sa a ansanm ak nimewo telefòn kote destinatè a ka jwenn enfòmasyon, asistans ak adrès sitwèb dirèk la kote li ka jwenn kopi pwogram sa a, yon fòmilè aplikasyon asistans finansyè ak yon rezime sou pwogram sa a ki ekri nan yon langaj ki fasil pou konprann.
  - f. Tout enfòmasyon piblik ak/oswa fòmilè konsènan dispozisyon asistans finansyè a pral itilize yo nan langaj ki apwopriye pou zòn kote BHI bay sèvis.
4. Idantifikasyon Pasyan ki Potansyèlman Elijib:
- a. Lè gen posibilite, anvan yo anrejistre pasyan an, gen yon konseye finansyè ki pral fè yon entèvyou anvan anrejistreman an avèk pasyan an, ak garan finansyè a, ak/oswa reprezantan legal li. Si pa gen posibilite pou yo fè yon entèvyou anvan anrejistreman an, yo dwe fè entèvyou sa a dèke yap anrejistre oswa admèt pasyan an oswa apres a mèzalò leplito ke posib. Lè se ka admisyon dijans, yo pa dwe fè okenn evalyasyon pou jwenn peman altènativ toutotan yo po ko bay pasyan an swen medikal ki nesèsè pou yo estabilize li.
  - b. Pwosesis idantifikasyon pasyan ki potansyèlman elijib yo ka fèt nenpòt kilè pandan peryòd yap bay sèvis medikal la oswa lè yap fè pwosesis koleksyon an.
  - c. Se pou yo refere pasyan ki kapab kalifye pou resevwa asistans finansyè nan yon pwogram gouvènmantral bay pwogram ki apwopriye a tankou Medicaid, anvan menm yo konsidere bay pasyan an asistans finansyè.
5. Prensip pou Tabli Elijibilite:
- a. Fòk yo ofri tout pasyan ki pa gen asirans ke yo idantifye antanke potansyèl benefisyè pou asistans finansyè, opòtinite pou yo aplike pou asistans finansyè.
    - Ou ka jwenn aplikasyon pou asistans finansyè anvan yo ba w sèvis medikal nan Depatman Asistans Finansyè a, epi se la tou pou remèt aplikasyon an lè w fin ranpli l.
    - Ou ka reklame aplikasyon pou asistans finansyè apre yo fin ba w sèvis medikal nan Sèvis Finansyè Pasyan an, epi se la tou pou remèt aplikasyon an lè w fin ranpli l.
    - Antoulèka, fòk yo mete nan aplikasyon yap voye bay pasyan an, yon mwayen komikasyon debaz ki pou fè pasyan an konnen gen yon konseye finansyè ki disponib pou ede li ranpli aplikasyon an.
  - b. Pasyan an fèt pou l resevwa yon aplikasyon, li fèt pou l ranpli l epi yo fèt pou ba li tout sipò li bezwen pou l jwenn enfòmasyon ki ka verifye elijibilite l. Fòk pwosesis detèminasyon elijibilite a verifyab epi li fèt pou l genyen omwen youn nan pyès dokimantasyon suivan yo:
    - Fòmilè enpo antisipe W-2.
    - Souch chèk.
    - Deklarasyon revni (Inkòm taks).
    - Fòmilè ki apwouve oswa ki pa aksepte bay konpansasyon chomaj oswa asirans konpansasyon travayè.
    - Yon verifikasyon alekri ajans byennèt piblik oswa nenpòt ajans gouvènmantral ka sètifye konsènan kondisyon revni pasyan an pandan douz dènye mwa yo.

Fòk yo voye tout referans sou Pwogram yo bay BHSF Master Copy nan BHSF Intranet; piga konte sou lòt vèsyon / lòt kopi Pwogram la.

- Yon resepsè vèsman Medicaid ki reflekte ke benefis Medicaid pasyan an pou ane fiskal Medicaid sa a fin epuize.
  - Yon deklarasyon ke pasyan an oswa pati ki responsab la siyen devan yon temwen. Deklarasyon an fèt pou l gen ladann yon deklarasyon rekònesans ki, konfòmman ak lwa leta, fè konnen ke si yon moun bay fo enfòmasyon pou li fwode yon lopital pou l jwenn byen oswa sèvis, sa se yon krim deli minè nan dezyèm degre.
- c. Sizoka pasyan an pa ta bay enfòmasyon ki sifizan pou yo pran yon desizyon sou elijibilite pou asistans finansyè, gen yon konseye finansyè ki pral bay pasyan an yon avi alekri pou fè l konnen ki enfòmasyon ki manke. Yo fèt pou voye yon kopi rezime a ki ekri nan yon langaj ki fasil pou konprann ansanm ak avi a. Si yon konseye finansyè idantifye yon aplikasyon ki byen fonde ak tout dokimantasyon ki pou sipòte li (kòmparezanp yon rapò ajans kredi) sepandan li manke yon eleman ke yo dekri nan seksyon b. ki anwo a (kòmparezanp yon aplikasyon pa gen siyati yon temwen), malgres Vis Prezidan Finansman Rejyon Nò a, Direktè Sèvis Finansyè Pasyan an ak Manajè Asistans Finansyè Pasyan an kapab apwouve asistans finansyè a antanke Asistans Finansyè Bezwen Espesyal (Special Needs Financial Assistance).
- d. Yo kapab itilize yon resepsè pou vèsman Medicaid ki reflekte ke benefis Medicaid pasyan an pou ane fiskal sa a fin epuize san yo pa bezwen yon aplikasyon alekri pou yo ka apwouve elijibilite asistans finansyè.
- e. Gen yon sityasyon inik ki egziste sizoka yo admèt yon pasyan lopital avèk ni Medicare e ni Medicaid kote:
- Benefis Medicare Pati A Pasyan an fin epuize nan ane fiskal Medicaid la oswa lè yon ane fiskal prèt pou l kòmanse (1ye jiyè) epi
  - benefis Medicaid Pasyan ki entènè a fin epuize.

Lè senaryo sa a prezante, Medicaid pa bay yon resepsè vèsman pou li endike kouvèti asirans la fin epuize. Pou senaryo espesifik sa a, yo kapab apwouve asistans finansyè san yo pa bezwen gen yon aplikasyon asistans finansyè alekri e san yo pa bezwen yon resepsè vèsman Medicaid ki montre benefis Medicaid pasyan an fin epuize si yo mentni dokiman suivan yo:

- i. Kopi resepsè vèsman Medicare ki montre benefis yo fin epuize.
  - ii. Yon fotokopi ekran ki demontre elijibilite Medicaid pou tout tan admisyon an dire.
  - iii. Fotokopi paj ki nan *Florida Medicaid Provider General Handbook* (Livrè ki bay enfòmasyon jeneral sou founisè Medicaid Florida) ki presize pwogram pou Pasyan ki Entènè Lopital ak Epuizman Benefis Medicare Pati A.
  - iv. Fotokopi fakti separe pou admisyon an ki izole chaj yo pou 1) kouvèti Medicare Pati A, 2) kouvèti Medicaid ak 3) peryòd apre epuizman benefis Medicare ak Medicaid yo.
- f. Si yon benefisyè Medicaid aplike pou l mande asistans finansyè pou sèvis medikal ki nesèsè nan BHI alòske limenm sou bò pa l li pa yon founisè Medicaid pou yon eta done, yap konsidere benefisyè Medicaid la kòm moun ki pa asire pou sèvis sa yo e lap elijib pou asistans finansyè. Nan ka sa yo, yo kapab itilize verifikasyon elijibilite Medicaid pasyan an oswa yon resepsè vèsman Medicaid ki rejete benefis Medicaid san yo pa bezwen okenn aplikasyon alekri pou yo apwouve elijibilite asistans finansyè. Si yo pa voye lèt refi Medicaid la vini sou 60 jou apre faktirasyon an, yo pral mete yon fotokopi ekran elijibilite Medicaid pasyan an nan sistèm imajri dokiman an epi alèkile yo ka apwouve kont la pou asistans finansyè san yon aplikasyon alekri e san yon resepsè vèsman ki pa aksepte benefis Medicaid.
- g. Yo pral jenere yon rapò kredi pou aplikan yo puiske yo konsidere li nesèsè pou yo valide enfòmasyon yo bay nan aplikasyon an.
- h. Fòk yo kenbe yon dosye, sou papye oswa sou fòm elektwonik, ki dokimante idantite moun ki egzamine ak apwouve oswa ki pa aksepte aplikasyon an ak dat yo pran desizyon sa a.
- i. Yon fwa yo fin konplete aplikasyon an epi yo soumèt dokimantasyon apwopriye a, gen yon konseye finansyè ki pral dokimante swa sou aplikasyon an oswa sou yon rezime an

Fòk yo voye tout referans sou Pwogram yo bay BHSF Master Copy nan BHSF Intranet; piga konte sou lòt vèsyon / lòt kopi Pwogram la.

pyès jwent enfòmasyon suivan yo: 1) apwouve oswa refi; 2) non konseye finansyè a; 3) dat apwobasyon an/refi a ak 4) nenpòt kòmantè/enstriksyon espesyal.

- j. Si yo doute kapasite pasyan an pou l satisfè egzijans yo tabli sou rezidans nan pwogram sa a, alèkile fòk pasyan an prezante dokimantasyon ki pwouve li rete nan yon adrès elijib. Yon egzanp dokimantasyon ki akseptab se yon fakti sèvis piblik ki gen non pasyan an ak adrès kote yo bay sèvis la. Yo ka aksepte lòt dokimantasyon ki pwouve rezidans yon pasyan men fòk Vis Prezidan Finansman Rejyon Nò a apwouve li.
- k. Elijibilite Ipotetik – Yo ka sipoze ke pasyan emèjan ak pasyan ijan ki pa gen asirans kapab elijib pou asistans finansyè nan dè sikonstans ki limite. Si yo detèmine ke yon pasyan gen asistans finansyè ipotetik, yap bali elijibilite pou asistans finansyè a 100%, e pasyan an pap oblije satisfè kritè revni yo, ni kritè sou byen li posede, oswa li pap oblije ranpli yon aplikasyon pou asistans finansyè. Sikonstans suivan yo se sikonstans ki elijib pou asistans finansyè ipotetik:
- Pasyan an desede san yo pa konnen si li gen byen,
  - Adrès pasyan ki nan dosye a se sanzabri oswa yon refij pou sanzabri, oswa
  - Nenpòt pasyan ki kalifye pou kouvèti asirans nan Palm Beach County Health Care District (PBCHCD), pasyan sa a satisfè kondisyon kalifikasyon pou asistans finansyè konfòmeman ak pwogram sa a poutèt direktiv yo tabli nan PBCHCD ki yo menm suiv Direktiv Federal sou Povrete a 200%.
- l. Pasyan ki te enkasere lè oswa nan dat yo ba yo sèvis pa elijib pou asistans finansyè konfòmeman ak kontra sa a.
- m. Pasyan entènasyonal ki nan peyi Etazini avèk yon Viza Vizitè ki Valid pa elijib pou asistans finansyè konfòmeman ak pwogram sa a.
- n. Si e lè pèsonèl BHI klèman pa kapab detèmine elijibilite yon pasyan, pèsonèl BHI a pral itilize meyè jijman yo epi yap soumèt yon memorandòm (fòk yo mete memorandòm sa a nan premye paj pakè dokimantasyon an) ki bay tout rezon jijman an ansanm ak dokimantasyon asistans finansyè pou bay sipèvizè konsène a. Alèkile Manajè BHI a pral egzamine memorandòm lan ak dokimantasyon an. Si Manajè a dakò pou l apwouve elijibilite a, li pral siyen fòmilè Detèminasyon Elijibilite a epi lap kontinye ak pwosedi Apwobasyon nòmal la. Si Manajè a pa apwouve elijibilite pasyan an konfòmeman ak pwogram sa a, Manajè a fèt pou l siyen memorandòm yo soumèt la epi l fèt pou l voye tout dokimantasyon an bay pèsonèl BHI a ki limenm pral note kont la epi lap voye dokimantasyon an bay Biwo ki Jere Biznis Lopital la pou yo klase li. Si Manajè a pa dakò ak jijman pèsonèl BHI a, Manajè a fèt pou li deklare rezon ki fè yo bay nouvo jijman an epi li pral voye dokimantasyon an tounen bay pèsonèl BHI ki limenm pral suiv swa pwosesis refi a oswa pwosesis apwobasyon an selon sa Manajè a detèmine.
- o. Pandan pwosesis verifikasyon an ap fèt, etan BHI ap kolekte enfòmasyon ki nesèsè pou detèmine revni yon pasyan, yo ka bay pasyan an tretman antanke pasyan kap peye pou tèt li konfòmeman ak pwogram BHI yo.
6. Faktirasyon & Koleksyon
- a. BHI pap angaje l nan okenn Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè (ECA) kont yon moun pou fè li peye swen l resevwa yo anvan BHI fè efò rezonab pou li detèmine si moun nan elijib pou l resevwa asistans pou swen Konfòmeman ak Pwogram Asistans Finansyè BHI. BHI pral pran mezi suivan yo pou li montre li te fè efò rezonab pou l detèmine si yon pasyan elijib pou asistans finansyè:
1. Lap avize pasyan an sou pwogram asistans finansyè a anvan li antame Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè (ECA) pou l fè pasyan an peye pou swen li resevwa yo, epi li pap antame okenn Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè pandan omwen 120 jou apatide dat li voye premye relve faktirasyon pou swen an apre egzayat.
  2. Si yon pasyan soumèt yon aplikasyon ki pa konplè pandan Peryòd Aplikasyon an, BHI ap bay pasyan an yon avi alekri ki apwopriye pou pasyan an konplete yon aplikasyon pou asistans finansyè (Gade pwosedi 5c anwo a) epi pandan yon tan ki rezonab, BHI ap sispann tout Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè pou l kolekte peman defason pou l bay pasyan an tan pou l reponn.



3. Lap pran yon desizyon epi lap dokimante I, asavwa èske pasyan an elijib pou asistans finansyè pou yon pasyan ki soumèt yon aplikasyon pou asistans finansyè pandan Peryòd Aplikasyon an (Gade pwosedi 5h ak 5i anwo a) epi lap sispann tout Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè pou l kolekte peman pou swen an jiskaske yo pran yon desizyon sou asistans finansyè a.
4. Lap avize pasyan an omwen 30 jou anvan li angaje youn oswa plizyè Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè pou li kolekte peman pou swen an nan fason suivan yo:
  - a. Lap bay moun nan yon avi alekri kap fè li konnen gen asirans finansyè ki disponib pou moun ki elijib yo, lap idantifye Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè ke etablisman lopital la (oswa lòt pati otorize a) gen entansyon inisyè pou li kolekte peman swen an, epi lap fikse yon dat limit epi apre dat limit la, lap kapab antame Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè sa (yo) men sa pap fèt pazavan 30 jou apre yo fin voye avi alekri a.
  - b. Lap bay moun lan yon rezime sou Pwogram Asistans Finansyè a kap ekri nan yon langaj ki fasil pou konprann ansanm avèk avi alekri a.
  - c. Lap fè tout efò rezonab li kapab pou li avize moun nan aloral sou Pwogram Asistans Finansyè ki gen nan etablisman lopital la e lap fè moun nan konnen kijan li ka jwenn asistans avèk pwosesis aplikasyon asistans finansyè a.
5. Lap mentni e lap aplike akò ki tabli jiridikman avèk tyès pati ki se pati kote yo refere dèt pasyan an oswa pati yo vann dèt la pou yo konfòme yo ak sèten egzijans nan fason suivan an:
  - i. Si moun nan soumèt yon aplikasyon pou asirans finansyè apre yo fin refere oswa apre yo fin vann dèt la, mèzalò anvan Peryòd Aplikasyon an fini, pati a pral sispann Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè a pou l kolekte peman pou swen an.
  - ii. Si moun nan soumèt yon aplikasyon pou asistans finansyè apre yo fin refere oswa apre yo fin vann dèt la, mèzalò anvan Peryòd Aplikasyon an fini epi yo detèmine ke moun nan elijib pou asistans finansyè, men kisa pati a pral fè san pèdi tan:
    - A. Li pral respekte pwosedi yo presize nan akò ki asire ke moun nan pa peye, e li pa gen okenn obligasyon pou l peye pati a ak BHI ansanm, plis pase montan sa li oblije peye pou swen an antanke moun ki elijib pou yon asistans finansyè.
    - B. Si li aplikab e si pati a (olye de BHI) gen otorite pou l fè sa, lap pran tout mezi disponib ki rezonab pou l sispann nenpòt Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè (apade vann yon dèt) ke yo pran kont yon moun.
  - iii. Si pati a refere oswa vann dèt la bay yon lòt pati ankò pandan Peryòd Aplikasyon an, pati a pral resevwa yon akò alekri nan men lòt pati sa a, ikonpri eleman ki anwo yo.
- b. Lè yo detèmine yon pasyan elijib pou asistans finansyè, BHI pral:
  1. Avize pasyan an sou desizyon alekri a.
  2. Lap ranbouse kèlkeswa peman li resevwa pou sèvis ki kouvri ke asistans finansyè a te apwouve (amwenske montan ann eksè a mwens ke \$5 oswa ke yo pibliye lòt montan sa a nan Bilten Internal Revenue).
  3. Lap sispann tout aksyon koleksyon ekstraòdinè ke yo pran kont pasyan an.
- c. Anvan yo otorize Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè (yo), Vis Prezidan Finansman Rejyon Nò a pral fè yon egzaminasyon final nan kont la epi lap apwouve l pou li asire ke yo konplete efò rezonab pou detèmine si pasyan an elijib pou asistans finansyè.

7. Avi sou Detèminasyon Elijibilite:

- a. Lè yap ranpli aplikasyon an, fòk yo bay direktiv ki klè asavwa kantite tan ki nesèsè pou yo egzamine aplikasyon an epi pou yo bay pasyan an yon desizyon lè yap ranpli aplikasyon an. Nan yon delè ki kout, yo pral bay yon desizyon alekri kap bay yon rezon ki esplike

pouki yo denye aplikasyon an, e anjeneral sa fèt sou 30 jou apre yo resevwa yon aplikasyon ki konplè.

- b. Si yo te itilize yon rapò biwo kredi lè yo te decide ke yon pasyan pa elijib pou asistans finansyè, fòk yo fè pasyan an konnen yo te itilize yon rapò biwo kredi konfòmman ak egzijans Lwa sou Enfòmasyon ki Konsène Kredi (Fair Credit Reporting Act).
- c. Yo pap travay sou aplikasyon pou asistans finansyè pou kont pasyan kap tann apwobasyon Medicaid toutotan Asistans Finansyè Pasyan an pa resevwa notifikasyon final pwogram Medicaid la oswa notifikasyon yon konsiltan elijibilite ki se yon tyès pati. Si yo pa resevwa notifikasyon an sou 120 jou apatide dat egzeyat la, yap travay sou aplikasyon asistans finansyè a, yap avize pasyan an, epi anjeneral sa fèt 30 jou apre (amwenske pandan peryòd sa a gen yon notifikasyon apwobasyon Medicaid).

8. Siveyans ak Rapò:

- a. Yo pral rapòte asistans finansyè chak ane nan Rapò Benefis Kominotè a (Community Benefit Report) epi chak trimès yap rapòte li bay Komite Benefis Kominotè a (Community Benefit Committee).
- b. Fòk asistans finansyè yo rapòte bay Leta Florida a satisfè direktiv ki tabli pou rapòte asistans finansyè leta a. Yo amande direktiv sa yo regilyèman. Kritè elijibilite aktyèl la baze sou revni fanmi oswa li pi ba ke direktiv federal sou povrete a 200% oswa li baze sou montan frè lopital la chaje ke pasyan an dwe, fòk li eksede 25% revni anyèl fanmi pasyan an. Sepandan, nan okenn ka, lopital la pa dwe chaje yon pasyan ki gen revni fanmi li ki eksede kat fwa direktiv federal yo pou yo konsidere asistans finansyè pou yon fanmi ki gen kat moun onivo leta.

9. Pwosedi Apwobasyon pou Asistans Finansyè:

- a. BHI pral konplete yon aplikasyon pou asistans finansyè pou chak pasyan ki satisfè kritè ki nan pwogram asirans sa a. Yo pral mentni pwosesis apwobasyon an avèk yon apwòch gradyèl selon chaj total la pou chak kont. Men kijan pwosesis siyati apwobasyon an fèt:

1\$ – 100,000\$	Manajè Asistans Finansyè Pasyan / Sipèvizè Asistans Finansyè Pasyan
\$100,001 – \$250,000	Direktè Sèvis Finansyè Pasyan
\$250,001 – e plis	Vis Prezidan Finansman Rejyon Nò

- b. Yo pral depoze kont yo selon dat yo te antre ajisteman asistans finansyè a nan kont la.
- c. Si yo apwouve aplikasyon pou asistans finansyè a, apwopasyon an vin otomatik pou tout admisyon ki kalifye nan 12 mwa anvan yo oswa nan ane fiskal aktyèl la.

10. Enfòmasyon pou Kontakte Lopital la:

Sitwèb	<a href="https://baptisthealth.net/patient-resources/billing-and-financial-assistance">https://baptisthealth.net/patient-resources/billing-and-financial-assistance</a>
Telefòn	Pou pale ak yon Konseye Finansyè, rele nan 561-737-7733, Ekst. 84671 (De lendi a vandredi – de 9:00AM a 4:30PM)
Pa Lapòs	Reklame enfòmasyon an alekri, oswa voye yon aplikasyon pa lapòs bay Bethesda Hospital East, Attn: Patient Financial Assistance 2815 South Seacrest Blvd., Boynton Beach, FL 33435
An Pèsòn	Mande pale ak yon Konseye Finansyè (Financial Counselor) nan youn nan kote suivan yo:  Bethesda Hospital East 2815 South Seacrest Blvd. Boynton Beach, FL 33435  Bethesda Hospital West 9655 West Boynton Beach Blvd.

Fòk yo voye tout referans sou Pwogram yo bay BHSF Master Copy nan BHSF Intranet; piga konte sou lòt vèsyon / lòt kopi Pwogram la.

**DOKIMANTASYON JISTIFIKATIF/REFERANS:**

- Lwa Florida 395.301 (8) *Fakti Pasyan Detaye*
- Lwa Florida 381.026 (4)(c)3 *Deklarasyon sou Dwa ak Responsabilite Pasyan nan Florida, Dwa Pasyan, Diyite Endividyèl*
- Dwa Florida 409.11 (1)(c) *Pwogram Pati Dispropòsyone, Definisyon Swen Charite*
- Kòd Internal Revenue § 501(r); Règ. Trezò § 1.501(r)-1 et seq.

**PWOGRAM ASOSYE, PWOSEDI AK FÒMILÈ KONÈKS:**

- Pyès Jwent: Kritè Elijibilite pou Pwogram Asistans Finansyè BHI
- Fòmilè Evalyasyon Finansyè ak Demann pou Asistans Finansyè
- Fòmilè Premye Kontak pou Asistans Finansyè
- Kontra Bethesda BHSF 1039 pou Moun Kap Peye Pou Tèt yo ak Pri pou Sèvis Tarif Fiks

**APLIKASYON & SANKSYON:**

Se Vis Prezidan Finans la, Rejyon Nò, Direktè Sèvis Finansye Pasyan ak Manajè Asistans Pasyan ki pral aplike pwogram sa a. Si yon moun vyole pwogram sa a, yo ka pran aksyon disiplinè kont li, yo ka menm rive annile li.

**PYÈS JWENT 1**  
**Direktiv Federal Sou Povrete Aktyèl**

**KRITÈ ELIJIBILITE POU BETHESDA HOSPITAL, INC. PWOGRAM ASISTANS FINANSYÈ** ki baze sou Direktiv Federal Sou Povrete (FPL), Nivo Revni Brit, 2022.

Kantite Moun Nan Fanmi a	200% FPL (100% rabè)	200 a 300% FPL (100% rabè)
1	\$27,180	\$27,181 a \$40,770
2	\$36,620	\$36,621 a \$54,930
3	\$46,060	\$46,061 a \$69,090
4	\$55,500	\$55,501 a \$83,250
5	\$64,940	\$64,941 a \$97,410
6	\$74,380	\$74,381 a \$111,570
7	\$83,820	\$83,821 a \$125,730
8	\$93,260	\$93,261 a \$139,890

Fòk yo voye tout referans sou Pwogram yo bay BHSF Master Copy nan BHSF Intranet; piga konte sou lòt vèsyon / lòt kopi Pwogram la.

**PYÈS JWENT 2**  
**Lis Founisè Swen Medikal**

Nan dokiman suivan an, gen yon lis founisè ki bay swen dijans oswa swen medikal nesèsè nan Bethesda Hospital East ak Bethesda Hospital West ki presize ki founisè Pwogram Asistans Finansyè BHI kouvri ak kilès nan yo li pa kouvri.

**a. Founisè ki pa kouvri nan Pwogram Asistans Finansyè BHI a**

- i. Pwogram Asistans Finansyè BHI pa kouvri founisè suivan yo. Ou ka kontakte founisè suivan yo dirèkteman pou ka jwenn enfòmasyon ki konsène disponiblite asistans finansyè pou sèvis respektif yo.
- ii. Doktè yo dapre Non Endividyèl yo:
  1. Ale nan <https://www.bethesdaweb.com/physician-locator>
  2. Non an, espesyalite a, vil ak zip kòd la chak manm ki nan estaf medikal la pral parèt pa òd alfabetik, ansanm ak yon onglè pou ka jwenn plis enfòmasyon sou chak doktè.
- iii. Doktè selon Depatman an:
  1. Anestezyoloji:  
ENVISION PHYSICIAN SERVICES  
Telefòn: (800) 296-2611, (844) 248-4320  
Peman Pasyan yo nan: P.O. Box 744193  
Atlanta, GA 30374  
SITWÈB: [www.envisionphysicianservices.com/billing](http://www.envisionphysicianservices.com/billing)
  2. Sèvis Dijans:  
Schumacher Clinical Partners  
Telefòn Schumacher: (888) 703-3301  
EMBCC Stirling Patient Services Phone: (844) 367-0408  
4849 Greenville Ave.  
Dallas, TX 75206  
SITWÈB: [www.emb.patientwallet.com/#/](http://www.emb.patientwallet.com/#/)
  3. Radyoloji:  
Bethesda Radiology Associates  
MBB RADIOLOGY  
Telefòn: (904) 236-5884  
P.O. BOX 200053  
DALLAS, TX. 75320-0053  
SITWÈB: [pay.imaginepay.com/provider/MBBAC](http://pay.imaginepay.com/provider/MBBAC)  
Voye kesyon faktirasyon yo bay [ptcollections@radpartners.com](mailto:ptcollections@radpartners.com)  
  
Bethesda Associates of South Florida Radiology  
Faktirasyon: East/West  
Telefòn: 1 (800) 841-4236  
SITWÈB: <https://click2pay.us>  
  
Radiology Associates of South Florida, LLC  
c/o MSN  
Telefòn: (800) 841-4236  
P.O. Box 919336  
Orlando, FL 32891  
SITWÈB: <http://rasf.net/>
  4. Patoloji:  
Bethesda Pathology Group  
Se MEDPAY ki voye fakti a  
Telefòn: (954) 656-6430 oswa (561) 880-6700

Fòk yo voye tout referans sou Pwogram yo bay BHSF Master Copy nan BHSF Intranet; piga konte sou lòt vèsyon / lòt kopi Pwogram la.

P.O. Box 3093  
Boca Raton, FL 33431-0993  
SITWÈB: [www.mrapay.com](http://www.mrapay.com)

5. Sal Dijans Neyonatoloji/Pedyatri:  
KidZ Medical Services  
Telefòn: (305) 661-1515 oswa (305) 662-6769  
P.O.Box 432920  
Miami, FL 33146  
SITWÈB: [www.kidzmedical.com](http://www.kidzmedical.com)
  
6. Intensivists:  
Critical Care Associates of South Florida, LLC  
Telefòn: (561) 939-0208 oswa (877) 599-7639 eks 4097  
P.O. Box 810097  
Boca Raton, FL 33481
  
7. Ekokadyogram oswa EKG:  
ECG Associates of Bethesda  
Filyal: Advanced Claim Processing  
Telefòn: (954) 726-1808  
499 NW 70<sup>th</sup> Ave, Suite 300  
Plantation, FL 33317
  
8. Lòt Founisè Swen Medikal:  
Bethesda Health Physician Group, Inc.  
Telefòn: (561) 853-1612 oswa (855) 257-3627  
P.O. Box 14000  
Belfast, ME 04915-4033  
SITWÈB: [www.quickpayportal.com](http://www.quickpayportal.com)

Ekipmans Medikal Dirab  
BREG  
Telefòn: (305) 270-7426 oswa (800) 321-0607  
Faks: (305) 270-7429  
SITWÈB: [www.breg.com](http://www.breg.com)

Prevansyon ak Kontwòl Enfeksyon (IPC): In-Pt. Consultants of Florida  
Li afilye ak Team Health National Patient Services  
Telefòn (ki gen rapò ak 2017 e anvan): (800) 467-0132  
Telefòn (ki gen rapò ak 2017 e apre): (888) 952-6772  
Bethesda Physician Bill Pay: (888) 580-2688  
3225 N Star Cir. L  
Louisville, TN 37777  
SITWÈB: [www.teamhealth.com](http://www.teamhealth.com)